


MUKUNDI MUKURU

ANE MASIMBA

 Mangwanani akanaka, kwamuri. “Esta yomufaro” zvikuru kune mumwe nomumwe wenyu! Iri ndiro rimwe remazuva makurusa, mukurangerira rumuko rwaIshe wedu. Ndiro rimwe remazuva makurusa panhoroondo yose yepasi rese. Ndirwo rumuko. Uye tinofara kwazvo kuve pano, mangwanani ano, pazuva guru iri. Apo tichiona zuva richibuda, namaruva achibudawo kubva muvhu, zvinhu zvose zvinotaura nezveEsta.

Uye zvino ngatikotamisei misoro yedu kwekanguvana.

² Mwari, Baba, tinouya Muhupo Hwenyu. Zvino tiri kutarisira iMi kuti mutipe, mangwanani ano, rimwezve ropafadzo duku kubva Kudenga, kamwe kakubata kaduku keEsta mumunhu wedu wemukati; kuti, patinobva pano, tinogona kuti, sevaye vakabva kuEmausi, “Ko moyo yedu haina kutsva here matiri, nokuda kweHupo Hwake?” Nokuti, tinozvikumbara nemuZita raKe, uyezve nokubwinya kwaKe. Amenii.

³ Umo mubhuku rokupedzisira, chitsauko 28 cheVhangeri raMutsvene Mateo, pandima 7, ndinoshuvira kuverenga somusoro wenyaya, patiri kupinda mushumiro ino.

Kurumudzai muende, munoudza vadzidzi vake kuti akamuka kuvakafa; uye, tarirai, unokutungamirirai Garirea; muchandomuonapo: tarira, ndakuudzai.

⁴ Pane kutumwa kukuru kwakambopiwa kumunhu nevanhu vepasi pano. Asi hapana kumbobvira pakava nokutumwa kwakwakosha kwakambopiwa seuku, “Endai munoudza vadzidzi vaKe kuti iYe wamuka kubva kuvakafa.” Ndiko kutumwa kukuru. Zvino nzira yega yazvaikwanisa kupihwa, ndeyekuti kwaifanirwa kuva nekukunda kukuru, kutanga.

⁵ Kwaive nevarume muzuva redu, uye nemumazuva akapfuura, uye nemunhoroondo huru yepasi rino, munzvimbo dzayo huru dzokurwira, dzakatambarara; kwakave nevakundi vakuru vazhinji, zvinhu zvikuru zvakawanda zvakaitirwa rudzi rwevanhu.

⁶ Semuenzaniso, ndiri kufunga, pandanga ndichiuya mangwanani ano, ndamuka rungwanangwana, uye handina kuwana mukana wekunzvera zvakanyanya. Nokuti, handina kunge ndichiziva kuti chaive chikamu chipi, manheru apfuura, chataizova nacho nhasi, pakati pemufudzi neni, mudzishumiro. Asi munzira yangu ndichidzika, zvaitika kuti ndafunga chii, mangwanani ano, chingave chakanakisa chandinoziva chokuti

nditaure kuvanhu vaKe, kuti nditore mharidzo. Ndafunga pane izvi, “Endai munoudza vadzidzi vaKe.” Zvino, *vadzidzi vaKe* ndeavo “vateveri” vaKe. *Mudzidzi* “ndeuyo anotevera.” Zvino ndafunga pamusoro pechidzidzo ichi, chekuti, *Mukundi Mukuru Ane Masimba*.

⁷ Zvino ndichifunga kuti vangani vakundi vakuru vatakambova navo munyika ino, uye nezvinhu zvikuru izvo zvavakaita pakuendesa mberi pamwe nokunatsa zviru nani nzira yemararamiro evanhu. Ndanga ndichifunga pamusoro paNapoleon mukuru, kare muzuva rake, uye kuti akange asiri muFrench chaiye, asi aive nechimwe chinhu mupfungwa dzake. Chokutanga, ai—aizvidza France, akanga asingaiifariri. Aibva kuzvitsuwa. Asi aive nezano mupfungwa dzake, kuti, rimwe remazuva aizokunda. Uye chikonzero aive neizvi mupfungwa dzake, aifanirwa kuva nechimwe chinhu chokushanda pachiri.

⁸ Kumunhu wose, usati waita basa, unofanirwa kunge uine chinangwa, chimwewozve chokuita, chimwe chauri kushanda pachiri, kuitira donzvo remashandiro, chimwe chokushanda nacho.

⁹ Zvino sokuziva kwedu tose, tichitora nhoroondo yaHitler. . . kana kuti, kwete yaHitler, asi ya—yaNapoleon, kuti aienda maererano nemwedzi, uye nekushanduka kwenyeredzi. Akashanda saizvozvo, uye achitarisira; nokuti imwe nguva akaita saizvozvo, uye akawana kukunda. Zvino akauya uko muFrance, zvino akave murwi mukuru. Akauraya vanhu vakawanda, nokuti ivo vaisawirirana naye. Zvino akatsvaira nyika yake yose, kune chose chaipesana naye. Akatonyatsa kuitsvaira zvachose, nokuti aitofanira kuva nayo yakadaro. Dai asina kuva nayo yakadaro, paizogara paine chimwe chinhu chinopesana naye nguva dzose, pamwe nezano rake guru raaive naro mupfungwa dzake. Hupenyu hwake pachake waizove panjodzi, saka aitofanira kuti humambo hwake huve hwakakwana sokukwanisa kwaaigona kuhuita.

¹⁰ Ndiri kufunga zvino kuti muri kunditevera mune izvi, pamusoro peMukundi mukuru wandiri kufunga. Zvinhu zvose muHumambo hwaKe zvinofanirwa kuMutsigira. Zvinofanira kuve moyo, munhu wemukati, nemutumbi, kuMutsigira. Hapagone kuva nechinopesana naYe. Chero chinhu chaiMupikisa, iYe aitofanirwa kuchibvisa. Anotofanirwa zvemazvirokwazvo kuve nezvose zviru kuMutsigira. Zvino kana. . .

¹¹ Napoleon, akatora zvombo, nganunu, pfuti, zvifefe, minondo. Akaenda aine pfungwa imwe chete iyi, yokuti aizokunda pasi rose. Zvino akatonyatsa kuzviita, aine makore makumi matatu nematatu okuberekwa. Paakanga ari murume wechidiki, akange asingatenderi doro. Zvino mukurumbira wake mukuru wakamuita kuti aite humbimbindoga; zvino

zvapakinda mutsinga dzake, kusvikira akafa aine zera remakore makumi matatu nematatu, ari chidhakwa. Mukurumbira wake, haana kugona kumira. Zvino ndinofunga nezvemumwe murume, uyo ipapo, pazera remakore makumi matatu nematatu, akakunda pasi rose ndokufa ari chidhakwa, nokuda kwemukurumbira wake, zvino ndokurasikirwa nechinangwa chacho chaairwira. Akange ari—akanga ari mhando iya, kana kuti, kwete mhando, ndingati, asi aive mudziyo wadhiyabhorosi. Zvino achiedza kurwisira pasi nyika yose, asi akakundika, pamakumi matatu nematatu.

¹² Asi, o, Murwi mukuru uyu, ane masimba wandiri kutaura nezvake, pazera remakore makumi matatu nematatu, akakunda zvinhu zvose zvaive panyika pamwe nemu—mugehena. Pazera remakore makumi matatu nematatu, Mukundi mukuru ane masimba!

¹³ Ndiri kufunga nezvehondo huru dzakarwiwa panhandare dzehondo. Tinoziva, tichipedzisa naNapoleon, kuti akasvika pamagumo ake paWaterloo. Wakange uri mukana wangu mukuru, nguva pfupi yapfuura, kutarira paiva nezvokutevedzera zvakagadzirwa zvezvimeu zvakasara zvegoro yake, nezvevasvi vemabhiza nezvevarume vacho, kuti vainge vakarara sei panzvimbo yokurwira. Uye ngoro dzehondo dzakaitwa murwi pamwe chete, uye mavhiri akatyoka, ikoko chaiko mumapani, kwacho kwakagadzirwa kuratidzwa kukuru uku.

¹⁴ Zvino kupesana kwakadini! Kucherechedza kuti murume wacho pamakore makumi matatu nematatu, nokunyadzisa kuripo kwakaiswa ipapo serangaridzo yehondo yake huru uye nokukunda; zvino woenda kuJerusarema, uye wotarisa bwiro risina chinhu, serangaridzo yeMukundi mukuru ane masimba.

¹⁵ Neimwewo nzira, pane chimwe chinhu mukukunda. Kana paine chimwe chinhu chatiri kurwira, kana paine chirwere mumuviri wedu, uye tichirwisa pakati perufu noupenyu, kukunda kwakadini patinochiona chakundwa. Kana tichirwisana neimwe tsika huru, kana chimwepo chinhu zvacho chikuru chiri kutivhiringidza, kana pakupedzesera mireza mikuru yasimuka uye isu tazvikunda; manzwiwo akadini azvinotipa, mukati medu, nokuti tave kugona kuve mukundi.

¹⁶ Zvino ndiri kufunga nezvehondo yokupedzisira, uye kuti paya Hitler paakange atora Warsaw. Zvino maJerimani vakafunga kuti ndiko kwakange kuri kumwe kwekukunda kukurusa kwakambovapo, nokuti mukuru wavo wehondo, Adolf Hitler, akange kamwe anyudza zvose zvaive muWarsaw, akaputsira pasi mabhiriji, uye bhiriji guru rikawa. Mapepa aiva nemifananidzo mikuru yekuwa kwebhiriji. MaJerimani vakafora nemumugwagwa, uye vachiridza ngoma nokuridza pembe, nezviuru zvendege dzichipfura nepaari, apo paakawana

kukunda kwake kukuru kwokutanga. Agere hake saAlexander Mukuru, kana mumwe Napoleon, kuti akunde pasi rose, asi akaperera papi? Mukunyadziswa. Zvechokwadi, akazviita.

¹⁷ Ndinogona kurangarira pavakavaka Burma Pass huru. Panofanira kunge pane...kana vakayambuka nepamusoro pegomo. Vamwe vevakomana vacho vagere muno mangwanani ano, zvichida, vakadarika nepamusoro pemupata wegomo mukuru uyu. Raive basa rakadini! Zvakatora basa chairo rakakura, uye vakaita basa chairo remazvirokwazvo! Uye zvakatora mari yakawanda kuvaka Burma Pass, mamiriyoni emadhora! Vakomana vakarasikirwa nohupenyu hwavo, mukuzviita! Asi pakupedzisira, uye kwapera chinguva, apo maira yokupedzisira yenzira payakanga yapedzwa, uye apo mupata wegomo wakange wapedzwa, ndipo apo pakabuda kudandzira kwekukunda kubva kuvanhu! Vakange vave nemupata wavaigona kudarika nawo makomo, kuti vawane kukunda.

¹⁸ Ndiri kufunga pamusoro pemumwe mupata wepagomo, wokuti rimwe zuva zvakatora hupenyu hwaIshe wedu akakomborerwa. Yakange isiri nzira chete panyika, asi wakanga uri mugwagwa mukuru unonzi “mugwagwa mukuru wehutsvene,” apo vane tsvina havakwanise kudarika nemo, asi avo chete vane mucherechedzo. Avo chete vari kudivi raAri, ndivo vachadarika nemugwagwa mukuru uyu.

¹⁹ Kukunda kukuru kwakaitwa. Vazhinji vedu nhasi vanogona kurangarira zvakanaka Hondo Yokutanga Yepasi rose. Ndinorangarira ndichingori kamukomana kadiki, ndinogona kunzwa pembe dzichiridzwa; uye kunyange varimi, vari mumunda, vakamisa mabhiza avo, vakavheyesa ngowani dzavo. Vakazhambatata. Vakashevedzera. Chii chaive chaitika? Hondo yakange yapera. Kukunda kwakange kwaitwa. Hupfumi hukuru hwatairwira, pekupedzisira takawana kukunda.

²⁰ Ndiri kufunga pamusoro pehondo yokupedzisira yepasi rose. Ndaigara mhiri kwemugwagwa. Zvino apo pembe padzokatanga kurira, vanhu vakamhanyira muruvanze; vakadzi vaiva namaapuroni avo, vachiakumura, ndokuavheyesa mudenga. Mbumburu dzichipfuura nemumiti. Pembe dzichiridzwa. Motokari dzaimhanyidzana mumugwagwa. Vanhu vakawira pamabvi avo, ndokusimudza maoko avo mudenga. Vaizhambatata. Vaichema. Seiko? Nokuti hondo yakange yapera. Zvino vaya vakakomborerwa, vakomana vanodikanwa vakanga vari mhiri kwegungwa, nenguva shoma vaizodzoka kumusha nechikepe zvakare kwavari. Kukunda kwakadini! Inguva yakadini, uye nomufaro mukuru kumoyo upi zvawo! Ijubheri yakadini! Husiku uhu, munhu wese ainge achifara, waigona kupinda restorandi wodya, wobuda usina kuzvibhadharira, zvainge zvakangonaka. Waigona kushandisa mota yomumwe munhu, zvainge zvakangonaka. Waigona kukumbira chipi

zvacho chawaida, uye waitogona kuchiwana. Nemhaka yei? Kukunda kwakange kwaitwa. Vakomana vakange vodzoka kumusha. Zvakange zvose zvapera.

²¹ Zvino ndiri kufunga, hama yangu, zvakashata nokuti manzwiro emhando yakadaro haagone kugara nguva dzose. Asi, kune Mukristu, mangwanani ano, kukunda kwakaitwa. Mabhero omufaro ari kurira. Hondo yakapera, pakati paMwari nomunhu. Kukunda kwakaitwa.

²² Kukunda kwese kusati kwaitwa, panofanira kuve nemibhadharo mikuru inofanira kubhadharwa. O, mibhadharo yakadini! Uye dzimwe nguva yakadzika kwazvo, uye zvinosiya mavanga makuru, achitsemukira pasi. Asi, kuti pave negomo, tinofanira kuve nemupata. Tisati tagona kuve nemushana, tinofanira kuwana mvura inonaya. Tisati tagona kuwana chiedza, tinofanira kuwana husiku. Tisati tagona kuve nechakanaka, vakatombove nechakaipa, kana kuti ungadai usina kumboziva kuti chakaipa chakaita sei.

²³ Asi kuti pave nokukunda pamwe nekuhwina hondo hurusa yakambokundwa, Mumwe akatobva muKubwinya, makore akawanda apfuura. Iye haAna kuzvitorera pachaKe chimiro cheNgirozi. Haana kuuya semumwe munhu mukuru. Asi Akange achida kuratidza kuti hazvitore zvfefe nembumburu, nemabhambhu eatomiki, kuti ukunde hondo. Akazvipfekedza pachaKe nekuzvinipisa, sekamwana kadiki, uye akazvarirwa muchidiro chemombe. Pakange pasina kana nzvimbo yokuti aberekerwe, paAkauya. Ndinoda kuti mutarise zvinhu zvakasiyana—siyana zvokurwisa, zvaAkashandisa.

²⁴ Zvino, rudzi rwaAdhama rwakange rwose rwuri muhusungwa. Ndipo pavakanga vari, vasina tariro, vasina Mwari, vasina mukana, vasina tsitsi, vasina kana chimwe chinhu chaigona kuvabatsira. Mhandu huru, dzekunzvimbo dzezasi dzevakarasika, vakange vakavharirwa mudima. Pakange pasina nzira yokubuda nayo. Pakange pasina munhu aigona kubatsira. Hapana chaikwanisa kuitwa. Zvairatidzika sekurasika kwakakwana, zvachose.

²⁵ Asi Gamba redu, iRo rakabva nemumasuwo emuKubwinya, richidzika pasi!

²⁶ Nokuti, pakanga pasina munhu panyika aikwanisa kuita basa iri. Vese zvavo vakange, semutauro wenyika, vakange vari muigwa rimwe chete. Takanga, tose, “takazvarirwa muzvivi, tikaumbwa mukusarurama, tikauya panyika tichitaura nhema.” Uye hapana mumwe wedu aigona kuti abatsirane nemumwe. Takamira tapererwa, takakundwa, nyonganyonga pazvinhu zvose, tose tisina kubatana. Hataikwanisa kuchengetedza mirairo nemhemberero, tichiona hutera hwazvo nezvakadaro, hataikwanisa kuzviita. Zvairatidzika sokuti rudzi rwose rwevanhu rwaive rwaraswa.

²⁷ Uye ipapo Akauya, Akadzika pasi. Nokuti, “Iye aive pamavambo,” Bhaibheri rakati, “Iye aive Shoko.” Aive Rogosi yakabva pana Mwari. Zvino Rogosi, pakutanga, yaive Shoko. Zvino iYe akave Shoko. Zvadaro paAkakwira kumusoro nezuva riya rinobwinya reEsta, haAna kuve Shoko bedzi, asi Akave Muprista Mukuru weShoko raKe pachaKe. O, chinhu chinobwinya zvakadini, Hama Neville! Imbofungai! Iye haasi Shoko bedzi, asi iYe muPrisita Mukuru weShoko raKe pachaKe. Ko tingazvipokana sei? Ko tingaenda kwaAri sei tisingatendi kuti tinogamuchira zvatinenge takumbira? Nokuti, iYe iShoko uyezve Murevereri weShoko! Rogosi yakave Shoko, zvino Shoko rikaitwa nyama; zvino nyama imwe cheteyo yakanga iri Shoko, ndokugamuchirwa kumusoro muKubwinya, uye zvino ndiye muPrisita Mukuru ari kureverera, pachaKe, kuShoko raKe.

²⁸ Ndizvo zvazvinitora! Ndizvo zvinhu zvokushandisa zvine Kereke. Ichombo chakadini! Hapana kana chimwe chakambenge chakaita saIchocho. Akange ari Shoko. Zvino paAkauya, Akazvarirwa muchidiro chemombe. Akauya kuzoshandisa chombo che r-u-d-o, rudo, kuti akunde nyika; kwete nemabara ehondo, kwete nezvigwagwagwa nemotokari dzine nganunu. Asi Akauya nemaitiro akasiyana. Akauya ari muchimiro cherudo. Aive rudo rwaMwari.

²⁹ Imwe nguva, sekakomana kaduku, ndaimbofunga kuti Kristu anondida, asi Mwari akandivenga; nokuti Kristu ndiye akandifira, asi Mwari akange ane mhaka neni. Asi ndakazozviona kuti Kristu ndiye moyo waMwari chaiwo. “Mwari akada nyika zvakanyanya, zvokuti Akapa Mwanakomana waKe akazvarwa ari oga, kuti ani naani anotenda maAri arege kuparara, asi kuti ave noHupenyu Husingaperi.”

³⁰ Zvino iYe akauya, kutanga, kuzokunda. Zvino chinhu chainge chaiswa panyika nadhiyabhorosi rwaive ruvengo. Zvino iYe akauya kuzokunda ruvengo. Patinokunda hondo dzedu, nezvakadaro, muhondo dzepanyika, zvinosiya nguva dzose, kuchiederera, ruvengo; nokuti, hondo dzemhando yakadaro ndedzemuvengi. Asi Kristu akauya nerudo, kuzokunda ruvengo, kuda avo vasingadiiki. Akauya nechombo chakasiyana. Uye Akazvinipisa pachaKe, “akaitwa zviri pasi peNgirozi zvishoma,” kuti atambudzike nerufu, uye kuti ape muenzaniso. Zvino paAkange ari pano panyika, Akafamba pakati pevanhu.

³¹ Akaratidza zvombo zvaKe zvokurwisa, paAkapodza vanorwara. PaAkatora mabhisikiti mashanu madiki nezvimeu zvehove zviviri, akapa chokudya kuvanhu zviuru zvishanu, Akaratidza kuti Akange aine simba pamusoro peatomiki rose zvaro rakange riripo. Haana chete kuita kuti hove dzikure, asi Akakudza hove dzakabikwa. Haana bedzi kukudza gorosi rakanga riri mumabhisikiti iwayo, asi akakudza gorosi rakabikwa mumabhisikiti iwayo. Zvakaratidza kuti Aive uya

Mukundi mukuru ane masimba! HaAna bedzi kungotora mvura kubva mutsime, asi Akagadzira mvura yacho, waini, yakabva mutsime. Akaratidza kuti Aive neSimba rokukunda. Uye iYe akada, uyezve chombo chaKe chaive rudo. Zvino cherechedzai.

³² Zvino paAkaita izvozvo, paAkamira rimwe zuva parutivi rweguva raRazaro, uye pakange paine munhu, akafa, avigwa kwemazuva mana. Kunyangwe avo vaive varipo, vakati, “nazvino otonhuwa.” Mhino yake yaive yawira mukati, makonye emuganda aive akambaira nemairi. Zvino Jesu akamirapo, seMukundi ane masimba, paAkati kuna Marita naMaria, paAkamirapo, “Handina here kuti kwamuri, ‘Kana mukangogona kutenda chete, munozoono kubwinya kwaMwari?’” Akanga achangobva kupedza kutaura (paya pavakati, “hanzvadzi yedu yakafa,” nezvakadaro), Akati, “Ndini rumuko neHupenyu! Uyo anotenda maNdiri, kunyangwe akafa, asi achararama. Uye uyo anorarama achitenda maNdiri, haazombofe. Handina kubva kukuudzai here kuti Simba remuna Ziendanakuenda riya, rakaropafadzwa riri maNdiri?” Haana chete kungoita chitaurwa, iYe aikwanisa kuita zvose zvaAkataura, nokuti iYe aive Mukundi wacho ane masimba.

³³ Achigara maAri, achidzivisa, akafukidzwa munyama yemunhu, somunhu, asi mukati imomo hakuna mumwe akanga arimo kunze kwaMwari Samasimba, iYe mukuru ane masimba. Aikwanisa kusika zvakare. Aigona kusika zvinhu zvitsva. Aigona kutaura, uye zvaAikumbira aizvipihwa panguva iyoyo yacho. Asi, Akazvininipisa pachaKe, Akazviita wepasi. Aida kupa muenzaniso. Aida kuve mhando chaiyo yoMukundi, uye Aive akadaro. Zvino, Akazviratidza pachaKe kuve akadaro.

³⁴ Sezvandinogarotaura mumusangano wangu, zvimwe zvingangopupura mangwanani ano, kuboka rino revanhu, pamangwanani ano akaisvonakisisa eEsta. Mumwe mudzimai, anopinda kune imwe kereke isingatendi mukugamuchira Ropa raIshe Jesu. “Pasina kudeurwa kweRopa, hapana kuregererwa kwezvivi.” Akanditaurira kuti Murume wacho aingove muprofiti, Murume akanaka zvikuru, zvino ini ndakamuita Mwari. Ndikati, “Akange ari Mwari. Akange ari Mwari.”

Iye akati, “Unoedza kuMuita kuti ange akakurisa.”

³⁵ Ndikati, “Hapana mashoko anogona kutsanangura hukuru hwaKe!” Rurimi rwemunhu harusati rwakwanisa kuwana zvokutaura!

³⁶ Ndichitaura nemumwe murume rimwe zuva, mumiririri wenyika anobva kuWashington, DC, zvino akati, pakachapupu kadiki tiri pa—pakudya kwemangwanani apo taiyanana pamwe chete, akati, “Hama Branham, ndakange ndiri muLutherani hupenyu hwangu hwose. Asi,” akati, “rimwe zuva ndiri mune rumwe rumutsiriro rwakare,” ndokuti, “ndakapfugama pasi paartari, uye ndichida kuti ndiwane chiitiko naMwari.” Akati,

“Zvino pandaive ndiri ipapo pamabvi angu. . .” Zvino, uyu mumiririri wenyika wekuWashington akatomboshanda ari pasi paPresident Coolidge. Zvino iye “paakatarisa mudenga,” akati, “ndakaona chiratidzo chaJesu.” Akati, “Ndinogona kutaura mitauro mipfumbamwe yakasiyana-siyana, zvakatsetseka.” Akati, “Asi handina kuwana kana shoko rimwe chete rokutaura, pane mitauro yose mipfumbamwe iyoyo.” Akati, “Saka ndakangosumudza ruoko rwangu, zvino iYe ndokundipa mumwe mutsva, wokutaura nawo.” Akati, “Ndichagobva kuona Kubwinya kwechiso chaKe.”

³⁷ Mudzimai uyu akati kwandiri, akati, “Hama Branham, Jesu hapana zvaakange ari kunze kwekungovawo munhu, angori muprofita.”

Ndikati, “Akange ari Mwari, hanzvadzi yangu.”

³⁸ Mudzimai akati, “UnoMuita Mwari, asi haAzi.” Saka iye akati, “Munzira yokudzika, pakunokungurutsa. . . paive, guva raRazaro, Bhaibheri rakati, ‘Iye akachema.’”

³⁹ Ichokwadi, Akange ari moyo chaiwo waMwari. Akatambudzika sokutambudzika kwatinoita. Aive nyama sezvatiro nyama. Akatakura, mumutumbi waKe, zvisihuwo zvimwe chete uye nezvinhuwo zvatinoita. Asi, kuti ave Chipiriso chakakwana, Aitofanira kuita izvozvo. Akazviita. Asi ndakati. . .

Mudzimai akati, “Akachema, achidzika kuguva raRazaro.”

⁴⁰ Ndikati, “Asi, o, mudzimai, ndizvozvo. Akange ari Munhu, paAkange achichema. Asi paAkamira ipapo, parutivi rweguva iroro, apo mufi akanyarara, aive avete; apo mutumbi wakawora wainge uvete, wakafukidzwa nejira; paakati, ‘Bvisai dombo.’ Iye akanyatsodhonzera muumbwa waKe muduku pamwe chete, akati, ‘Razaro, buda!’ Zvino murume akange afa, mazuva mana, akamira netsoka dzake.”

⁴¹ Changa chiri chii? Kuwora kwakaziva Musiki wako. Munhu wemukati ndokuziva Tenzi wake. Zvino Mukundi mukuru uyu ane masimba akaratidza ipapo kuti Ane Simba rerufu, Matenga negehena, uye neguva.

⁴² Chokwadi, zvinofadza moyo wedu! Unotaura nezvekurova mabhavha, nokuridzwa kwemabhero emotokari? Nyika inofanirwa kunge iri mujubheri mangwanani ano, sezvaisati yakambova, kuzhambatata nokudanidzira kwevanhu vaKe, nokuti rino ndiro zuva rerangaridzo apo paAkakunda mhandu yokupedzisira, ndokusunungura isu nhapwa kuve nerusununguko.

⁴³ Hongu, Akange ari Munhu. Ndizvozvo chaizvo. Akaratidza kuti aive Munhu, uye Akaratidza kuti Aive Mwari. Umwe husiku apo. . .

44 Gungwa guru raiwomba, iro rakaidza zviuru zvoupenyu. Pamwe vamwe venyu vanamai pano, mangwani ano, vakomana venyu vakafira mugungwa rinowomba kunze uko, pamwe vakanyura pasi pemafungu muminda yakapamhama yepasi rino yehondo. Vamwe vevadikwanwa venyu vavete kunze ikoko, pamwe pasi pegungwa.

45 Asi umwe husiku paAive akarara mukagwa kaduku, zvino mafungu akanga achitomuka-tomuka kwakapoteredza mugungwa, sechivharo chebhodhoro. Akasimuka, akaisa tsoka yaKe pamusoro peigwa. Akatarisa kumusoro necheKudenga, ndokuti, “Rugare.” Zvino kumafungu, Akati, “Nyarara!” Zvino gungwa guru iri rakatsvenenzvureka kusvikira pakashaikwa kana kakuunyana pariri. Zvirokwazvo, Akange ari!

46 Ichokwadi kuti Akanzwa nzara soMunhu. PaAkadzika kubva mugomo uye Aiva nenzara, akatarisa mumuti achitsvaga chokudya, Aive Munhu. Asi paAkatora mabhisikiti aya mashanu nehove shoma, akapa kudya kuzviuru zvishanu, Ainge apfuura kungova Munhu.

47 PaAkafa makore mazana gumi nemapfumbamwe akapfuura, marimwezuro, akaremba pamuchinjikwa, achichemera tsitsi, “Mwari waNgu, Mwari waNgu, ko MaNdisiyireiko?” Akafa soMunhu. Asi makore mazana gumi nemapfumbamwe neanorudzira apfuura, mangwanani ano, Akaratidza zvaAkange ari! Akapa chisimbiso chokugumisira chohumhesiya hwaKe apo paAkadimbura tambo dzerufu negehena nepakati, uye ndokumuka kubva muguva, akunda, “Ndiri mupenyu nokusingaperi! Zvino, nokuti Ndinorarama, imi munoraramawo!”

48 Hoyoka Mukundi! Unotaura nezvekukumurwa kwemaapuroni nokuivheyesa? Vanhu vanoti tinopenga nokuti tinozhambatata nokumhanya, uye tinodaidzira nokushevedzera. Havasati vakambonzwa kutinhira kwekukunda kweDenga, kuti, “Hondo yaperi!” Mukundi wedu mukuru, ane masimba akunda hondo dzose! Amire oga, mangwanani ano, asina kubatwa!

49 PaAkauya panyika, vakaMupa zita repasi-pasi ravaikwanisa kuMupa, sekuti “mupengereki.” VakaMudaidza kuti *Bherizebhabhu*, “muchinda wemadhimoni.” Ndizvozvo chaizvo. Akaenda kuguta riri pasi-pasi panyika pose, Jeriko, uye murume mudukusa muguta akatarisa pasi kuti aMuone. Asi paya Mwari, makore mazana gumi namapfumbamwe akapfuura, vakaMumutsa! Ndizvo zvakaitwa nevanhu kwaAri. Asi, nechombo cherudo, Akakunda madhimoni ose.

50 Zvino Mwari vakaMusimudzira kumusoro kwazvo, vakaMupa Zita riri pamusoro pezita rose riri kuMatenga nepanyika. Zita rose Kudenga rinokotama kune Zita ra “Jesu”! Ngirozi yose, mambo wese, chinhu chose chinokotama kuZita ra “Jesu”! Rurimi rrose rwuchaMupupura, mabvi ose

achaMupfugamira. Zvino iYe akakwira kumusoro zvakanyanya, kusvikira Anotatarisa pasi kuti aone maTenga. Ndiye Mukundi ane masimba! Ndiye Wacho akazviita! PaAkabva panyika, mushure, mehusiku hwapfuura taive, Akange aine makiyi erufu negehena akaremba parutivi paKe, ameni, “Musatye, ndiNi Uya akange akafa, uye ndiri mupenyu zvakare nokusingaperi. Uye” (*uye* chibatanidzo) “Ndine makiyi erufu negehena, akaremba ipo pano *apa*.” Ungataura nezvoMukundi! “Uye, nokuti Ndakakunda, Ndakangokugadzirira bedzi mugwagwa wokuti mufambe nawo.”

⁵¹ Munhu akarambwa kubva Kudenga, mugwagwa mukuru wakavharwa. Pakange pasina mugwagwa mukuru. Asi, pakange pasina mugwagwa mukuru, iYe akauya akagadzira mumwe. O, ini zvangu! Mutsara wokutanga aive madhimoni okusatenda, tevere ekufungidzira, tevere hundini; nyika ino yaive yakafukidzwa nemitsara yesimba remadhimoni; tevere hurwere, hoshwa. Asi paAkatanga kukwira Kudenga! Husiku hwapfuura takava naYe achibuda kubva mugehena, aine makiyi erufu negehena parutivi rwaKe. Mangwanani ano tiri kuMuendesha kumusoro. Hareruya! PaAkamuka, Aive...Akakunda. Zvino, paAikwira, Akaputsa simba rose remadhimoni rinobata pamusoro pevanhu. Akakwira Kumusoro, akapa zvipo kuvanhu, zvipo zveMweya Mutsvene. Mukundi ane masimba! Amire oga, mangwanani ano! Zvino, pakati paKe nomutendi wose, ndipo pane mugwagwa mukuru wakare wohutsvene wakaropafadzwa apo pachafambwa napo nevakarurama. Hapana nzira yokupunyuka nayo. Pane nzira imwe chete yakachekwa kubva muKubwinya. Akasiya Matsimba ane Ropa apo Aifamba nemunzira dzemasimba emadhimoni, ndokutigadzirira mugwagwa mukuru, nzira yose kunobuda. Akagara Kumusoro, mangwanani ano, soMukundi ane masimba!

⁵² Vanhu vake vari kuve nejubheri. Makumi ezviuru zvavo, kupoteredza pasi rose, vari kudandazira kukunda.

⁵³ Ndakatarisa uku kujoina kereke kwakare kwakatonhora kwetsika. Ndinogona kufungidzira mumwe munhu achiti... Ndichakuratidza kuraswa kwayo.

⁵⁴ Pano, pakangopera Hondo Yokutanga, shoko raiuya richidzika nenzira pano, rakauya mubhazi reGrehound. Vakati, “Ko sei ruzha rwese urwu? Nderwei?”

⁵⁵ Zvino mumwe wavo akati, “Tarisai pano, herinoi bepa. Hondo ichangopera.” Zvino munhu wose ari kuchema nokudanidzira.

⁵⁶ Asi mumwe mudzimai akati, “O, ini zvangu, ko yadirei kupera zvakadai?” Akati, “Dai yanga yazongopera mushure memamwe mazuva mashoma zvakare,” akati, “John neni

tingadai tatogara mumutambarakede.” Akati, “Tingadai takatogara ipapo.”

⁵⁷ Pakange paine mumwe murume aive akamira kumashure, mukuzarisa webhazhi; ndokutora mudzimai uyu, akapotsa amukandira panze nepamukova. Zvino mapurisa paakasungu murume uyu, akati, “Chikonzero ndaita izvi,” akati, “mukadzi uyu anga asina munhu mhiri uko waane hanyi’ a naye. Asi ini ndine vakomana vaviri ikoko.” Murume akati, “Ndatadza kudzora shungu dzangu.”

⁵⁸ O, hama! Ndina baba vari mhiri uko. Ndine vadikanwi vari mhiri uko. Chimwe chinhu kwandiri, Jesu paakakunda. Ndine mudzimai. Ndine mwana mucheche. Ndine vadikanwi. Mukundi mukuru uya, ane masimba! Unogona kundidaidza kuti “muumburuki-mutsvene” kana “mupengereki wezvokunamata,” kana chero zvaungade. Asi, kana ndikafunga pamusoro pehondo huru iya, zvatopera, mubhadharo wakabhadharwa, takawana kukunda. Jesu akamuka kubva kuvakafa, chisimbiso chokupedzisira chohumhesiya hwaKe, kuti zvose zvopera. Iye mupenyu, mangwanani ano, ane makiyi erufu negehena. Ndine vadikanwi vari mhiri kwemuganhu uko. Ndiri pamugwagwa uyu wakaisvonakisa wakare, ndichifamba ndichikwira kunovaona. Usafunge kuti ndinopenga. O, asi ndiri kufara kwazvo zvakatopera zvose! Ibasa rakatopera.

Kurarama, Akandida; kufa, Akandiponesa;
Kuvigwa, Akatakura zvivi zvangu kuresa;
Kumuka, Akaruramisa pachena
nokusingaperi;
Rimwe zuva Ari kuuya, O zuva
rakabwinyiswa!

⁵⁹ Rubhabhatidzo urwu rwakare rwakakomborerwa rweMweya Mutsvene, kuti rwutitungamire mukukwidza nomugwagwa uyu unoshamisa wekare, o, Rwunobwinya kwazvo! Ko ndingambonyara seyi naRwo? Ndinomira naMutsvene Pauro, mangwanani ano, ndichitaura izvi, “Handinyare neVhangeri raJesu Kristu, nokuti ndiRo Simba raMwari rokuponesa.” ISimba pamusoro pehurwere. ISimba pamusoro perufu. ISimba pamusoro peguva.

⁶⁰ Paya muapostora uya akaomarara, wekare paakasvika pakupera kwerwendo rwake, uye vakachera guva rake kunze uko, zvino rufu rwainge rwakamutarisa kumeso, akaseka pamberi chaipo pechiso charwo. Akati, “Rufu, rumborera rwako rwuripi? Guva, ko kukunda kwako kuripi?” Zvino akadanidzira rumbidzo dzaMwari, “Asi ndinotenda Mwari Anotipa kukunda kubudikidza naIshe wedu Jesu Kristu!”

⁶¹ Mukundi ane masimba makurusa ati amborarama, Mukundi ane masimba makurusa ati ambofa, nokuti iYe ndiYe oga aikwanisa kukunda; ofa, pamwe nokukunda rufu pacharwo,

zvino omuka zvekare mukukunda! Akaratidza zvaAive. Ndicho chaive chisimbiso chohumhesiya hwaKe chokupedzisira.

⁶² Uye zvino, sezvineiwo, kana paine mumwe munhu muchivakwa chino mangwanani ano, ari nhengo inodziya yechechi, uye asingazivi mufaro wokunge hondo yapera. Vanhu vanodanidzira, vanhu vanopembera, vanhu vanochemba! Iwe woti, “Dambudziko ravo nderei?” Vanoziva kuti chinhu chatopera. Zvatopera zvose! Chokwadi! Tiri [Hama Branham vanoombera maoko avo—Mupepeti.] kuridza mimhanzi. Tiri kudanidzira nehwananda, uye Evhangeri iri kuenda kunze. Kubwinya neSimba raMwari zviri kuzivikanwa. Uye ibasa rakatopera, chibvumirano chakasainwa; kubwinya kuna Mwari, Kristu akachisaina neRopa raKe pachaKe! Hondo yapera. Kukunda kwaitwa. Handina kuikunda ini; Ndiye akaikunda! Ndiri kungofara pamusoro pazvo. Imiwee!

⁶³ Zvino vamwe vakomana vaye pavaidzoka kubva mhiri kwemakungwa, vakandiudza, apo chikepe pachakasvika muNew York, pachakanga chava kungopinda panosvikira ngarava, vaitarisa necheuko zvino ndokuona chimupunzo cheStatue of Liberty. Ndicho chinhu chokutanga chaunoona, chakabudikira pamusoro. Vakasimuka, dzimwe mhare dzakaremara dzaive kunze uko paruvanze rwechikepe, kuitira kuti vagouona. Zvino pavakatanga kuona chimupunzo cheStatue of Liberty, vakatanga kuchema. Vakachema. Vaitadza kuzvibata. Mazirume makuru akamirapo, varume vakakwasharara, vachibvunda pamwe nokudedera. Vaitadza kudzora shungu dzavo. Seyi? Wakange uri mucherechedzo werusununguko. Seri kwemupunzo weStatue of Liberty, kwaive...kwaive nababa, mai, vadikanwi, chido chemoyo, mudzimai, mwana, zvose panyika pano zvaiva zvakakosha kwavari, zvaive zvigere seri kwacho. Zvino vave kuda kufamba vachipinda, vakacherechedza, yakange iri nyika yevakasununguka nemusha wevakashinga. Chokwadi, zvaitozunguza shungu dzako, mureza uya wakare uchibhururuka. Chimbofungai nezvazvo, mhare ine mavanga ehondo ichisvika panosvikira ngarava! Zvirokwazvo, yaive nguva inoshamisa.

⁶⁴ Asi, o, hama, rimwe remangwanani ano, kana Chikepe chakare cheZioni choridza, zvino ndinoona mucherechedzo uya umire apo, Muchinjikwa wekare wakakwasharara! Apo mhapo ichirova mireza yawo yakare mipfumbu, apo pachinenge chichifamba nemumhute yerufu. Kukunda kwakadini uku! Nhavi, ndosaka tichitadza kudzikamisa shungu dzedu! Pane chimwe chinhu chaitika; tave vagari vemunyika imwe chete. Chinhu chacho chapera.

⁶⁵ Pavakagadzira bhiriji guru pakati peNorth ne—ne—ne—neSouth Australia, kubva kuSidney, kuenda kuSouth Sydney. Kutu munhu wese akatora...Zvokuti, vakaenda

munyika yose, vachiedza kutsvaga munhu aizozviita. Basa iroro raive rakakura chose, nokuti vakati hapana anokwanisa kuriita. Pakupedzisira, mumwe murume wekuEngland akati, “Ndichaita basa racho.” Zvino paakadzika zasi ikoko kuti aite basa iroro, akaedza bhaudhi rose zvaro rakaiswa mubhiriji. Mukurumbira wake waive waiswa pakaoma. Akaedza dhaka rose nezvose zvakaenda pasi. Akazviwanira, izvo zvakanakisa zvaakagona kuwana; akawana vanamakanika vepamusoro-soro, vano gadzira mishonga vepamusoro-soro, zvakanakisisa pane zvose zvaakwanisa kuwana, kwaari. Zvino, pokupedzisira, bhiriji parakange rapera, zvino zuva rakasvika apo raifanira kuedzwa.

⁶⁶ Vatsoropodzi vakamira kune rimwe divi, uye ndokuti, “Harimbofa rakamira. Richazunguzikira pasi. Pane jecha rakawandisa zasi uko.”

⁶⁷ Asi akange achera pasi pakadzika, dzika, dzika, dzika. Akange aine ruvimbo. Aiziva kuti zvinhu zvose zvaive zvakaedzwa. Zvino iye akati, “Ndichaita rwendo rwokutanga rwokuyambuka, ndomene.” Zvino apo aifamba achiyambuka nepabhiriji, pamberi pameya, ari kumashure saizvozvo; uye zvitima zvikuru, kuda zvipani zvitanzhatu, zvichiyambuka, zvichizunguza bhiriji racho. Marume wacho mukuru akarigadzira, akafamba ari pamberi pemudungwe waitevera, sezvizvi, “Kana rikawa, tiri tose.” Asi aive neruvimbo.

⁶⁸ Ndiyo nzira yakaitwa naTenzi wedu akakomborerwa apo paAkaita Chechi yaKe! Anoedza bhaudhi rose, chose chinopinda maIri, nokuti Inofanira kunge yakashambwa neRopa! Zvino mumwe wevatsoropodzi akamira parutivi, achiti, “Iro boka revaumburuki-vatsvene, havasvike.” Asi rimwe remazuva ano akabwinyiswa! Uyu Mukundi mukuru, ane masimba anofamba pamberi pedu nhasi, akakunda! Regai azunguzike, ogoita zvaanoda, iYe...Hapazove kana nechakakanganisika mairi, kana papi zvapo, nokuti iYe akagadzira nzira, uye ndokuipedzisa. Chokwadi!

⁶⁹ Zvino tinofunga nhasi pamafungiro evanhu, toisa pfungwa dzedu pazvinhu zvenyika. Asi regai ndikuudzei chimwe chinhu, hama, usambofa wakandirega ndichinyara neEvhangeri! O, hama, ini ndiri wembiri yekare, ndakabarwa patsva, ndakaberekwa neMweya Mutsvene, neMweya waMwari. Ndakazvarwa ndakadaro, ndizvo zvose zvandiri, uye nezvose zvandingade kuva.

⁷⁰ Imwe nguva, hakusi kare hako, pakange paine mumwe musikana akange aenda kukoreji. Uye aive musikana akanaka, muduku. Zvino paakadzoka kumba, akauya nedzimwe pfungwa dzake dzekukoreji pamwe naye.

⁷¹ Zvino pamwe, mangwanani ano, vamwe venyu mange muine dzimwe pfungwa dzenyu dzokunze pamwe nemi. Pamwe

matakura, kucheche, pfungwa dzenyu dzakawanda. Saka, dzibvise, ndicho chinhu chakanakisa chandinoziva chokuita.

⁷² Zvino musikana uyu, chitima pachakamira pamberi. Akaunza kamwe kasikana kaduku pamwe naye, kamwe ketwuye tunzenza twakangodaro-daro, munoziva, kunge mhando yaElvis Presley. Zvino paainge akamira ipapo, munoziva, pachitima. Mai vake vaive vari panze; mudzimai achembera akamirapo, azere nemavanga, kumeso kwake; mapendekete madiki, akakombama; akapfeka kadhiredzi kaduku kemuvharadhongi, nekashauro kaduku pamapendekete ake. Zvino kanzenza kaye kaaive nako, kamwe kamusikana kacho, kakatarisa pasi, zvino ndokuti, “Zvino, ndiyaniko uyo muchembere akaparara anosiririsa, akashata pakutaridzika kwake?”

⁷³ Saka, munoziva, zvakanyadzisa musikana uyu zvakanyanya, iye akati, “Handizivi,” nokuti aive akatsvinda zvikuru, uye aine pfungwa dzakawanda dzemunyika mumusoro make. Zvino ava vaive amai vake chaivo.

⁷⁴ Paakaburuka chitima, amai vaye vaduku vakura vakamumhanyira, kuti vamumbundire namaoko avo. Mai vakati, “O, mudikani, Mwari varopafadze moyo wako mudiki.” Musikana ndokuvafuratira ndokutanga kufamba achienda, sokunge akange asingavazive. Akanyara, nokuti mai vake vaive vakashata kwazo pachiso.

⁷⁵ Zvino zvakaitika kuti, kondakita wemuchitima ichocho, aiziva nyaya yacho. Akafamba achiendako, ndokuisa maoko ake pabendekete romusikana uyu, ndokumutendeutsa pamberi peungano iyoyo, akati, “Unonyadzisa iwe! Unonyadzisa iwe!” Akati, “Ndakaona nguva idzo mai vako vaive tsvarakadenga yakapetwa kagumi kupfuura zvauri.” Akati, “Vaive vakadaro. Ndaigara munharaunda yacho.” Uye ndokuti, “Waive kamwana kacheche, zvino waive uri muimba yepamusoro mukamubedha kako. Ipapo mai vako vaive vachiyanika mbatya muruvanze rwekuseri.” Zvino akati, “Chiriporipocho, choto chakabatira moto, zvino imba yose ndokutanga kubvira. Zvino mai vako vadiki pavakamhanya vachienda, vachiziva kuti waive muimba yepamusoro, kumusoro ikoko.” Ndokuti, “Vakachema, vakaedza kuvabata. Asi vakabvisa zvavaive vanazvo, kubva pavari, ndokumhanya nomumarimi emoto iwayo, kumusoro muimba yepamusoro; ndokubvisa hembe dzavo pamuviri wavo, ndokubva vakuputira mairi. Zvino havo ndokuuya, vachidzoka nemumarimi emoto, vakakutakura. Vakabva vafenda, muruvanze, uye iwe uri mumaoko avo.” Akati, “Vakatora chaifanira kuvadzivirira ivo, zvino ndokudzivirira iwe.” Zvino akati, “Chikonzero wakanaka nhasi, ndicho chikonzero ivo vakashata pachiso. Zvino, unoreva kundiudza kuti, unganyara nemavanga ayo ari pana amai vako?”

Ndinofunga nhasi:

Kana Jesu akatakura muchinjikwa woga,
 Uye nyika yose yongoenda yakasununguka?
 Pane muchinjikwa wemunhu wose,
 Uye pane muchinjikwa wangu.

⁷⁶ Kana Jesu akanzi “Bherizebhabhu,” nenyika ino, vakaMuseka nokumunyomba, ndokurembere pamuchinjikwa, akaitwa chinyadziso, nokuda kwangu; Ndinonzwa kufara nokupfuurisa kutakura kushorwa kwohutsvene hwaKe. Hongu, changamire, kudaidzwa kuti “muumburuki mutsvene,” chero zvaungade kudana, kana chero chitaurwa chaungade kuita. Izvozvo hazvimbozvimisi kana nepadiki pose. Ndiri kungofara bedzi, mangwanani ano, kuti, mumoyo mangu, Kristu akamuka anorarama pamwe nekutonga. Ndiri mumwe wevanhu vake. Ndinovimba kuti iwe uriwo, zvekare.

⁷⁷ Nguva yedu yapera zvino. Dzatova seven o'clock chaidzo, apo patati tichavhara. Dzimwe shumiro dziri kutevera dzichatanga kwapera maawa anenge maviri, zvino, pana ninety-three.

Ngatikotamisei misoro yedu, kwekanguvana, mumunamoto.

⁷⁸ Baba veKudenga vakaropafadzwa, maminitisi makumi mana nemashanu atopfuura, Shoko ratoenda. Moyo yedu iri kufara. Jubheri riri kuenderera; kwete jubheri rezuva rimwe chete, asi jubheri roKusingaperi! Mukubwinya, Ngirozi dziri kuimba. O Mwari, Kereke, mukukunda, iri kuimba. Mabhero emufaro ari kungorira. Mweya yaiva pane imwe nguva yatongerwa kufa, uye kuti ife zvino yoenda kuguva radhiyabhorosi; dhiyabhorosi akakundwa! Rufu rwakakundwa. Guva rakakundwa. Hurwere hwakakundwa. Kungofungidzira kwakakundwa. Hutsinye hwakakundwa. Ruvengo rwakakundwa. Kushaya hanyn'a kwakakundwa. Kuomarara kwakakundwa. Maitiro ehumbimbindoga akakundwa. Zvinhu zvose zvakakundwa. Kristu ndiye Mukundi mukuru!

Onai, tarirai Mukundi ane masimba, (akataura nyanduri)

Onai, Mutarirei achinyatsooneka,

Nokuti ndiYe Mukundi ane masimba,

Kubvira paAkatsamura chidzitiro nepakati.

⁷⁹ Akatsamura chidzitiro chiya chaivanza munhu kubva kuna Mwari, uye zvino Mwari ave kugara pakati pevanhu. Akatsamura chidzitiro chiya chaidzivirira kupodza kwaMwari. Akatsamura chidzitiro chiya chaidzivirira maropafadzo aMwari. Akatsamura chidzitiro chiya chaidzivirira mufaro waMwari. Akatsamura chidzitiro chiya chaidzivirira rugare rwaMwari. Zvino chidzitiro chakatsamura nepakati. NeRopa raKe pachaKe, Akafamba soMukundi! Hondó yapera, Akazviratidza kwatiri murumuko rwaKe. Uye zvino Mweya Mutsvene ndiwo chapupu, chakatumwa kuzotitungamira.

⁸⁰ O Mwari vomuna Ziendanakuenda, kana paine mumwe munhu mangwanani ano, anga achitamba hake nguva yose, achipinda nokubuda, kubva pamugwagwa mukuru, achiwira kurutivi; asina kumbokwanisa kufamba ari nepakati chaipo, pamwe nemagamba makuru, magamba makuru akafamba nepakati pemugwagwa mukuru; tinonamata, mangwanani ano, kuti vapire zvose zvavari kwaMuri, vabude kunze kuti vafadzwe nekukunda kukuru uku uko kwakaitwa naIshe wedu akamuka. Zviitei, Baba, nokuti tinozvikumbira nemuZita raKristu.

⁸¹ Zvino apo misoro yedu yakakotama. Handizivi, panguva ino, kuti kana mungasimudza maoko enyu kuna Kristu, uye moti, “Kristu, ndinokoshesa, handichambofi ndakanyara neMi zvakare. Ndanga ndichingoty zvishoma.” Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadzei iwe newe. O, ini zvangu, maoko ari kwese-kwese! “Ndanga ndichitya zvishoma. Ndanga ndichiita sokuti nyarei. Uye ndave kuona nzvimbo yangu zvino. Ndaifanirwa kunge ndisina kuzviita. Ndinofanira kunyatsomira pachena, ndopa chapupu changu! Ndinofanira kuve izvozvo chaizvo. Ndinofanira kuudza munhu wose, ‘Ndakaberekwa patsva.’ Ndinofanira kuudza munhu wose, ‘Ndakagamuchira Mweya Mutsvene.’ Handinyare neEvhangeri, nokuti ndiRo Simba raMwari rokuponesa. Ndinoda kuve muKristu chaiye anoenda mberi. Ndanga ndisiri. Asi, nokubatsirwa naMwari, kubva mangwanani eEsta ano, ndichange ndadaro. Ndichange ndadaro.” Mumwe munhuzve simudza maoko ako iko zvino tisati tanamata? Mwari vakuropafadzei iwe, iwe, iwe.

⁸² Ini zvangu, tarirai sarudzo! Vangaite makumi maviri nevashanu kana makumi matatu, vagere pakati peboka duku iri revanhu mangwanani ano, vatora sarudzo. Kubva mumangwanani ano ekukunda kukuru uku, vachazenge, nenyasha dzaMwari, vachamira pachena vasinganyare neEvhangeri, nokuti ndiRo Simba raMwari rokuponesa.

⁸³ O Mwari, sezvo maoko aya asimudzwa mudenga, uye mumhanzi uchiungira zvinotapira uchidzika zasi munzira, apo tapfuura kubva murufu tichipinda muHupenyu, nokuti Makati, “Uyo anonzwa maShoko aNgu, achitenda mune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi.” Vapfuura kubva murufu kuenda kuHupenyu, nokuti iMi makave rufu kuti ivo vave Hupenyu, kubudikidza norumuko rweNyu. Imi makaitwa kuti muve pasi peNgirozi, mukauya pasi kuti muve munhu, ndokubuda kubva muThiofani huru yakabva Kudenga, yakaitwa nyama; uye yakange iine Ropa, zvino ndokudeura Ropa iroro, kuitira kuti iMi mugadzire nzira yokupunyuka nayo yedu isu tose. Ipapo haina bedzi kungozviita, (tinovziverenga muBhaibheri), asi iMi makatozviratidza, zvisingakundiki, nokumuka kubva kuvakafa, uye nokumutsa vakafa paMakanga muri pano panyika; kwete izvozvo chete,

asi Makapa, Mukazviita kuti kuve kusimbiswa kwakapetwa kaviri, sezvaMakaita kuna Abrahamama; zvino, kunze kwaizvozvo, Makatumira Mweya Mutsvene udzoke sechapupu. Uye tine Hupo hwaKe hwakakomborerwa pamwe nesu, uye nematiri, huchititungamira, huchitungamirira muZvokwadi yose neChiedza.

⁸⁴ Tinokutendai iMi nokuda kwemaoko mazhinji aya asimuka mudenga, mangwanani ano, vachiti, “Ndinotora Kristu zvino sewangu.” O Mwari, kana vasati vambobhabhatidzwa mumvura, kumiririra rufu rukuru, kuvigwa, norumuko rwaIshe wavo akakomborerwa, dai vadzoka kushumiro mangwanani ano, vouya nembatya dzavo, vakagadzirira kupinda vachidzika muchidziva ichi chemvura ine chando. Zviitei izvi, Baba.

⁸⁵ Tiropafadzei. Tiregerereiwo zvivi zvedu. Tichakupai iMi rumbidzo, nemumazera achauya. Kana hondo ichinge yapera, kana chiutsi chose chaoma; uye mufaro wanyatsopera, wemiromo ino yevhu yatinoKurumbidzai nezvose zvatinazvo, tichatozofanira kuva nemanzwi matsva, mitumbi mitsva, yokuKurumbidzai nayo. Dai tikapinda mukati ipapo nomufaro. Nokuti tinozvikumbira nemuZita raKristu. Ameni!

⁸⁶ Ngatimirei netsoka dzedu zvino...?.. Musakanganwe shumiro, nine-thirty. Endai kumba, muve nokudya kwenyu kwemangwanani. Dzokai zvekare, tinotarisirira kuve nemi zvino. Uyezve manheru, rangarirai. Ndinofanira kuenda masikati ano, kunonzvera nokunamata.

⁸⁷ Nokuti ndinotaura kwamuri, kuti, Kristu mupenyu, iYe haana kufa. Uye ndinotenda, nomoyo wangu wose, Achange ari muimba muno chaimo nhasi manheru, kuti Aratidze kuti mupenyu, kuti aite zvinhu zvimwe chete zvaAkaita pamangwanani eEsta yokutanga pamwe nemurwendo rwaKe rwehupenyu. Kana zvisizvo, zvadaro ndange ndiri muprofito wenhema. Ndinofara kwazvo kuziva, munguva ino yerima guru yatiri zvino kurarama, apo tariro yose, pakuratidzika kwazvo, yapera; Kristu, Dombo rakasimba patinogona kumira, pamwe pasi pose ijecha rinonyudza. Zvakanaka.

⁸⁸ Karwiyo kedu kaduku, kokuparadzana, kokuti *Tora Zita RaJesu Newe*. Munhu wose, pamwe chete zvino.

Tora Zita raJesu newe,
Mwana wokusuwa uye nenhamo;
Iro mufaro ne . . .

⁸⁹ Nyatsotendeukai, mokwazisana maoko, zvino moti, “Ishe ngavarumbidzwe,” kune mumwe munhu ari pedyo newe. [Hama Branham vanokwazisana maoko nevamwe, vanofara uye vogoti, “Ishe ngavarumbidzwe!”—Mupepeti.]

Tariro yenyika nomufaro weKudenga;
Zita rakakosha, O rinotapira sei!
Tariro yenyika nomufaro weKudenga.

⁹⁰ Zvino munhu wese akatarisa kuno chaiko? NgatingoMurumbidzai. Ngatingosimudzai maoko enyu, uye woti, “NdinoKutendai, Ishe, nokuponesa mweya wangu.” Zvakanaka, munhu wese!

NdinoKutendai, Ishe, nokuponesa mweya wangu.

NdinoKutendai, Ishe, nokundipodza zvakanakwana.

NdinoKutendai, Ishe, nokupa kwandiri, Ruponeso rwenyu rukuru rwakazara kwazvo uye pachena.

⁹¹ Chinhu chakaropafadzwa zvakadini! MunoMuda here? Itai, “Ameni.” [Ugano inoti, “Ameni. Ameni.”—Mupepeti.] O, zvi. . . Zvinhu zvese zvakaniswa zvino, vana. Zvinhu zvose zvapera, hapachisina hondo, hapachisina kurwisana, hapana zvaunofanira kuita; zvakatoitwa kare. Tinongofara hedu! O, ini zvangu! Takakwana, Maari!

. . . kuzembera,
Kuchengetedzwa nokuchengeteka kubva kune
zvose zvinotyisa;

Kuzembera, kuzembera,
Kuzembera paRuoko rwusingaperi.

O, zvinotapira sei kufamba munzira iyi
yemupfuuri,

Kuzembera paRuoko rwusingaperi;

O, gwara rinowedzera kubwinya sei zuva
nezuva,

Kuzembera paRuoko rwusingaperi.

Kuzembera, kuzembera,
Kuchengetedzwa nokuchengeteka kubva kune
zvose zvinotyisa;

Kuzembera, kuzembera,
Kuzembera paRuoko rwusingaperi.

Imi vanokwanisa, uye uine hengechepfu, ibuditse.

. . . o, kuzembera,
Kuchengetedzwa nokuchengeteka kubva kune
zvose zvinotyisa;

Kuzembera, kuzembera,
Kuzembera paRuoko rwusingaperi.

Zvino Bhaibheri rako!


Kuzembera, kuzembera,
Kuchengetedzwa nokuchengeteka kubva kune
zvose zvinotyisa;

Kuzembera, kuzembera,
Kuzembera paRuoko rwusingaperi.

⁹² Chimbori chii? Kuchengetedzwa nokuchengeteka, pane zvese, zvese zvapera, hondo yapera, chisimbiso chokupedzisira chapamurwa, iYe akwira. Hareruya!

Kuzembera, kuzembera,
Kuchengetedzwa nokuchengeteka kubva kune
zvose zvinotyisa;
Kuzembera, kuzembera,
Kuzembera paRuoko rwusingaperi.

⁹³ Zvino ngatikotamisei misoro yedu yakananga kuguruva uko Mwari kwavakatitora, uko rimwe zuva tichakwira tichibva muguruva renyika. Nokuti, Ishe wedu, akabviswa muguruva, akaenda muguruva; kuti atipe Mweya waKe usingafe, Akakwira kubva muguruva. Zvino avo vose vari maAri, vachakwira pamwe naYe rimwe zuva, kunzvimbo dzevakakomborerwa.

⁹⁴ Tiine misoro yedu yakakotamiswa. Ndinoona Hama Smith vari pakati pedu, mangwanani ano, mufudzi weChurch of God; vakandifonera manheru apfuura. Hama Smith, munogona kubuda henyu. Handizivi zvino, kuti kana Hama Smith vatiparadzanise neshoko remunamato. Mochimhanyira kudzimba dzenyu, uye mova nekudya kwemangwanani. Dzokai zvakare kushumiro yeSunday School, uye neshumiro yorubhabhatidzo, izvozvo zvichitanga na nine-thirty. Ngatikotamisei misoro yedu, apo Hama Smith vachitiparadzanisa nomunamato. 

MUKUNDI MUKURU ANE MASIMBA SHO57-0421s
(The Great And Mighty Conqueror)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZERUMUTSIRIRO RWEPA ESTA

Mharidzo iyi nehama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani eEsta pakubuda kwezuva, 21 Kubvumbi, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2018 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org